**REZYUME**. Maqolada o‘quvchilarning nazariy o‘zlashtirgan bilimlarini amaliyotda mustahkamlash, maktab geografiya darslarining sifati va samaradorligini ta’minlashda ko‘rgazmali o‘qitishning ahamiyatiga oid ayrim masalalar muhokama qilinadi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматривается о некоторых вопросах о важности наглядных пособии, в укрепление теоретически полученных знаний учащихся в практике, обеспечивающих качеств и результативности школьных уроков географии.

**SUMMARY.** In the article mentioned the most important periods including the youth’s coming into existence as perfect person and the increasing of the consequences of education together with upbringing affairs on some points of the secondary schools.

## BOLAJAQ OQÍTÍWSHÍLARDA ÁDEP-IKRAMLÍLÍQ KÓNLIKPELERDI JETILISTIRIWDE ETNOPEDAGOGIKALÍQ QÁDRIYATLARDÍŃ ÁHMIYETI

**A.K.Pazılov –** *pedagogika ilimleriniń kandidatı, professor*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so‘zlar:** bo‘lajak o‘qituvchilar, odob-axloq, qadriyat, ko‘nikma, etnopedagogika, xalq pedagogikasi, yosh avlod, muammo, etnopedagogik meros, etnik guruh, millat, kommunistik mafkura.

**Ключевые слова:** будущие преподаватели, этика, ценности, обычаи, этнопедагогика, народная педагогика, молодое поколение, проблема, этнопедагогическое наследие, этническая группа, нация, коммунистическая идеология.

**Key words:** future teachers, ethics, values, customs, ethnopedagogy, folk pedagogy, younger generation, problem, ethnopedagogical heritage, ethnic group, nation, communist ideology.

**Kirisiw.** Dúnyada bolıp atırǵan quramalı processler, sóylesiwler, bir-birlerin túsinisiwler nátiyjesinde unamlı sheshimin tabıwı múmkin bolǵan máseleler, geypara mámleketlerde urıs qurallarınan paydalanıw, kúsh-kórsetiw, eki jaqtıń bir-birleri menen bolǵan urıslarınan máplenip qalıw, internet tarmaqlarınan anıq bolmaǵan, jalǵan maǵlıwmatlardı tarqatıw hám basqada usıǵan uqsas is-háreketler kem-kemnen háwij alıp atırǵanlıǵı hámmemizge belgili. Mine, bul kórinisler házirgi waqıtta jaslar minez-qulqında etnopedagogikalıq qadriyatlar járdeminde ruwxıy-ádep-ikramlılıq sıpatlardı qáliplestiriw, kónlikpelerin jetilistirip barıw zárúrligin keltirip shıǵaradı hám usı másele kúnniń eń aktual máselelerinen birine aylanıpta úlgerdi.

Respublikamızda keyingi waqıtlarda xalıq pedagogikasın etnopedagogika dep ataw dástúri orın ala basladı. Al, etnikalıq toparlardıń, xalıqtıń, millettiń basqalarǵa qaraǵanda ózine tán bolǵan ózgesheliklerin úyrenetuǵın ilimdi «etnopedagogika» termini menen atawdı birinshilerden bolıp G.N.Volkov usınǵan edi.

Mashqala ádebiyatlardı úyreniw, baqlaw, eske túsiriw, salıstırıw siyaqlı pedagogikalıq metodlardan paydalanılǵan halda úyrenildi.

Úyrenilgen ádebiyatlarımızǵa tiykarlanǵan halda ásirler dawamında qáliplesip, rawajlanıwın dawam etip atırǵan xalıqlardıń ótmishi, mádeniyatı, tálim-tárbiya tarawındaǵı jetiskenlikleriniń ájayıp durdanaları bizge xalıq pedagogikası arqalı kelip jetkenligine isenimimizdi payda ettik. Xalıq pedagogikası bolsa, rawajlanıw menen qáliplesiwdiń uzaq tariyxıy jolların basıp ótip, biziń dáwirimizge jetip hám ilimiy pedagogika payda bolaman degenshe jas áwladtı kamalǵa jetkiziwde birden bir tárbiya mektebi xızmetin atqardı. Xalıq pedagogikası máseleleri boyınsha bir qatar ilimpazlar monografiyalıq miynetlerin shıǵardı, sabaqlıqlar jazdı, dissertaciyalıq jumısların qorǵap (Axiyarov K.Sh., Burxinov D.M., Volkov G.N., Izmaylov A.E., Syavavko E.I., Pirliev K., Hoshimov K., C.Ochil., Sheranova M., Farsaxonova D.h.t.b.) shıqtı.

Pedagogikalıq ádebiyatlarda, pedagogikalıq ilim-izertlew jumıslarında tek ǵana etnopedagogika máselesine itibar berilip qoyılmastan, al, usı etnopedagogikalıq materiallardan, ondaǵı toplanǵan qádriyatlardan, úrp-ádet, dástúrlerden shańaraqta, ulıwma bilim beriw mekteplerinde, jámiyetlik orınlarda jaslarǵa tálim hám tárbiya beriw islerinde paydalanıp barıw unamlı nátiyjelerge eristiretuǵınlıǵı dálillenip atır. Bul materiallarda bolajaq muǵallimlerdi tayarlawshı pedagogikalıq joqarı oqıw orınlarında etnopedagogikalıq qádriyatlardan paydalanıw hám anıq nátiyjelerge erisiw jolları haqqında da maǵlıwmatlar beriledi. Anıǵıraǵı, ilimpazlardan T.V.Anisenkova óz izertlew jumısında awıllıq mektep muǵallimlerin etnopedagogikalıq jaqtan jaqtan tayarlawǵa óz itibarın qaratsa [2], N.G.Arzamasceva [3] hám S.N.Fedorovalar [10] joqarı oqıw orınlarındaǵı bolajaq social pedagoglarda etnomádeniy kompetentlikti qáliplestiriw máselelerine kewil bóledi. O.I.Davıdova bolsa mektepke shekemgi bilimlendiriw qánigeligi boyınsha bilim alıp atırǵan studentlerdi etnopedagogikalıq jaqtan tayarlaw máselesiniń sheshimin tabıwdı ılayıq dep esaplaydı [4].

Sonday-aq, D.R.Kerimova óz ilimiy jumısında Daǵıstanlı baslawısh mektep oqıwshılarına ekologiyalıq tárbiya beriw islerinde etnopedagogikalıq miyraslardıń tiykarǵı faktorlardıń

biri ekenligine kewil awdarsa [6], G.Yu.Nagornaya bolajaq baslawısh klass muǵallimleriniń oqıw procesinde etnopedagogikalıq mádeniyatın rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar qaratadı [8]. M.M.Mamadnosirova shańaraqtaǵı óspirim jasındaǵı qızlardı ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawda etnopedagogikanıń elementlerinen aqılǵa muwapıq paydalanıwdıń ózine tán pedagogikalıq ózgesheliklerin esapqa alıwdıń abzallıǵın uqtıradı [9].

Burın SSSR dep atalıwshı awqamnıń quramınan ajralıp óz aldına shańaraq tiklegen avtonomiyalı Respublika hám oblastlarda da óz xalqınıń pedagogikasın, etnomádeniyatın, qádriyatların, úrp-ádet-dástúrlerin úyreniw hám olardan mektep oqıwshılarına ádep-ikramlılıq mazmundaǵı maǵlıwmatlardı beriwge, olardan jaslardı ulıwma bilim beriw mekteplerinde oqıp júrgen waqıtlarınan baslap-aq ruwxıy-ádep-ikramlı etip tárbiyalaw islerine baylanıslı bolǵan birqansha ilim-izertlew jumısları alıp barıldı. Olardan Buryatiyadan E.G.Nomogoeva, Osetiyadan A.G.Besaeva, Yakutiyadan A.Ketirine, Tájikstannan M.M.Mamadnosirova, V.Madjidova, A.Nurov, Cheboksarıdan L.E.Pasmurova, Rossiyadan N.V.Perchun, Karachaidan A.M.Bairamukova, Dagestannan R.S.Israfilovlar ózleriniń doktorlıq hám kandidatlıq dissertaciyaların jaqlap shıqtı. M.A.Petrenko, A.D.Bezborodova hám A.M.Grızlovalar ózleriniń ilimiy miynetinde etnopedagogikalıq qádriyatlardı jeke adamdı ruwxıy-ádep-ikramlılıqqa tárbiyalawdıń quralı dep esapladı.

Respublikamızda da Ǵárezsizliktiń sharapatı menen xalqımız etnopedagogikasın, xalıq pedagogikasın izertlew islerine keń jol ashıldı. Qaraqalpaq xalıq pedagogikasın izertlewge baylanıslı J.Bazarbaevtıń, Ó.Álewovtıń, A.Pazılovtıń, P.Shılmanovtıń miynetleri járiyalandı. «Qaraqalpaq etnopedagogikası» atlı miynette «Qaraqalpaq xalıq pedagogikası xalqımızdıń tálim-tárbiya tarawında pútkil ómir boyı dóretken biybaha ámeliy tárbiya durdanası» [7] sanaladı degen ájayıp pikirler berildi. Avtorlardıń kórsetiwi boyınsha qaraqalpaq etnopedagogikası óziniń qáliplesiw hám rawajlanıw barısında uzaq dawam etken tariyxıy jollardı basıp ótti hám ilimiy pedagogika payda bolaman degenshe, onnan keyingi waqıtlarda da jas áwlad tárbiyasında tiykarǵı joldı kórsetip turatuǵın tárbiya mektebi xızmetin atqardı.

J.Bazarbaev hám Ó.Álewovtıń «Maverennaxr xalıqlarınıń pedagogikası» atlı oqıw baǵdarlaması, P.Ábdimuratovtıń «Qaraqalpaq xalqınıń úrp-ádet, dástúrleri hám olardıń jaslar tárbiyasındaǵı áhmiyeti», Á.Tájimuratovtıń «Qaraqalpaq xalıq pedagogikası» atlı miynetleri jarıqqa shıqtı. Bul miynetlerde qaraqalpaq xalqınıń tálim hám tárbiya máselesindegi neshshe ásirler dawamında toplanǵan bay maǵlıwmatları, ámeliy tárbiya metodları hám usılları, ayırım mashqalalarında sáwlelendirildi.

**Nátiyjeler.** Pedagogika páni boyınsha dúzilgen túsindirme sózlikte kórsetiliwi boyınsha "Ádep-ikramlılıq, - jámiyette qabıllanǵan jámiyetshilik pikiri menen maqullanǵan process.

Ádep-ikramlılıq - adamlardıń bir-birlerine, shańaraǵına, jámiyetke bolǵan múnásebetlerinde júzege shıǵatuǵın is-háreketleri, minez-qulqları, ádeplilikleri kompleksi" [11] sanaladı.

Jaslardı ruwxıy-ádep-ikramlılıq jaqtan salamat etip tárbiyalaw isleri hár bir xalıqtıń ótmishi, ótkendegi mádeniy turmısı, tálim hám tárbiya máselesindegi aldıńǵı is tájiriybeleri menen tıǵız baylanıslı. Sebebi, «Hár qaysı xalıq yaki millettiń oy pikiri, turmıs tárizi, ruwxıy kóz-qarasları óz-ózinen, bos jerde qáliplespeytuǵınlıǵı belgili» [5].

Etnopedagogika ózinde xalqımızdıń ulıwma insanıylıq hám milliy qádriyatları, toplanǵan etnomádeniy durdanalarına tiykarlanıp jaslardı ruwxıy-ádep-ikramlılıqqa tárbiyalaw islerinde ózine tán etnikalıq ayırmashılıqlardı da sáwlelendiredi. Uzaqqa barmay-aq ózlerimizdiń baqlawlarımız hám salıstırmalı úyreniwimiz nátiyjesinde alınǵan maǵlıwmatlardı keltirip kóreyik. Máselen, ózbek tuwısqanlarımızdıń qádriyatları boyınsha úyine miyman kelgende aldına burın sındırılmaǵan nandı ákelip sındırıp qoyadı. Qaraqalpaqlar nannıń zaya bolıwınıń aldın alıw maqsetinde nandı sındırıp qoymaydı. Ózbeklerde bir urtlam chay iship ketpese, qaraqalpaqlarda nan awız tiyip ketpese uyat sanaladı. Ózbeklerde kópshilik bolıp bir chaynekten chay ishipte otıra beredi, al, qaraqalpaqlarda adam basına bir chaynek chay berilmese kewli kenshimeydi. Ozbeklerde palawdı kóbinese piyshembi kúnleri pisirse, qaraqalpaqlarda tez-tezden pisire beredi. Ózbeklerde úydiń iyesi yamasa miymanlardan birewi sırtqa shıǵıp ketip, miymanlar otırǵan jayǵa qaytıp kirse «Assalawma aleykum» dep sálem berip kiredi, al, qaraqalpaqlarda bir sálemleskennen keyin sırtqa on ret shıǵıp qaytsada qayta-qayta sálem berip otırmaydı.

Túrkmen aǵayinlerimizde burınları uzatılatuǵın qızlar kúyewiniń úyine alıp barılatuǵın dáskelerdiń ishinen gilemdi, kórpe, kórpeshe, dastıq hám basqalardı neshshe jıllar otırıp ózleri tayarlaǵan bolsa, qaraqalpaq qızlarıda qara úyge tiyisli dáskelerdi ózleri tayarlaǵan. Qazaq aǵayinlerdiń qızları bolsa qonaqqa arnap soyılǵan janlıqtıń múshelerinen tabaq jasawda elege shekem heshkimnen qalıspaydı. Orta Aziya xalıqlarınıń barlıǵında da turmısqa shıǵatuǵın qızlardıń hámmesi barǵan jerinde ata-enesin, kúyewin, onıń tuwǵan-tuwisqanların húrmetlewge úyretiledi.

Mine, usıǵan uxsas mısallar basqa xalıqlardıńda etnoprdagogikasınan orın alatuǵınlıǵın inabatqa alıp ilimpazlar chechen, Amur kazakları, bashkir, tuva, chuvash, karachay-balkar, mari, xantı-mansi, altay,

dağıstan, russ hám basqada xalıqlardıń etnopedagogikası hám onıń tiykarında mektepke shekemgi jastağı balalardan baslap, joqarı oqıw ornı studentleri arasında da óz xalıqlarınıń wákillerine tiyisli bolǵan etnopedagogikalıq materiallardan paydalanıw arqalı tárbiyalıq jumıslardı shólkemlestiriwdi maqsetke muwapıq dep esaplaydı.

Demek, xalqımızdıń etnopedagogikası materiallarınan orınlı paydalanıp barıw eń áhmiyetli wazıypalardıń birinen sanaladı. Sebebi, insaniyattıń barlıq urpaqları xalıq pedagogikası mektebinen etnopedagogikanıń ájayıp úlgilerinen sanalǵan qádriatlarlarımızdıń úlgileri tiykarında tálim-tárbiya alıp er jetti. Toplanǵan bilim hám tálim-tárbiya tajiriybeleri, ruwxıy baylıqları úlken áwladtan kishkene áwladqa awız-eki pedagogikalıq qollanba sıpatında miyras etip qaldırıldı.

Tariyxqa kóz jiberip qarasaq etnikalıq toparlardıń, xalıqtıń, millettiń payda bolıwları jas áwlad tárbiyasın rawajlandırıwǵa, tárbiya jumısları mazmunın turaqlı túrde jańa mazmunlar menen bayıtıp barıwǵa tiykar jaratqan. Tárbiya tarawında ayrıqsha, ózine tán ózgeshelikler payda bolıp, ósip-rawajlanıp baratırǵan jas áwladta ulıwma insanıylıq qádriyatlar hám etnopedagogikamızǵa baylanıslı bolǵan milliy pazıyletlerdi tárbiyalawǵa ayrıqsha itibar berilgen, aldıńǵı tájiriybeler júzege kele baslaǵan, olar ulıwmalastırılǵan. Nátiyjede, dúnyadaǵı basqa xalıqlar siyaqlı xalqımızdıń ózine ǵana tán bolǵan qaraqalpaq xalıq pedagogikası qáliplese baslaǵan.

Degen menen, xalqımız etnopedagogikasın úyreniw kommunistlik ideologiya húkim súrip turǵan bir waqıtları itibardan shette qaldı. Milliy qádriyatlarımızdı, úrp-ádet, dástúrlerimizdi, mádeniyatımızdı, ayrım milliy oyınlarımızdı tálim-tárbiya islerinde paydalanıwǵa derlik ruxsat berilmedi. Olar ashıqtan ashıq qısımǵa ushıradı. Qadaǵan etildi. Mektep baǵdarlamalarına kirgizilmedi. Onıń ornına Evropanıń, russ xalqınıń ádebiyatın, mádeniyatın, tariyxın, pedagogikasın, psixologiyasın úyreniw isleri zorlıq penen kirgizildi.

Burınları úyge kirgende de, shıqqanda da oń ayaqtan baslap kirip hám shıǵılıwı, dasturxanda qalǵan nannıń usaqların musorǵa taslamay, qolına jıynap alıp jep qoyıwdıń «sawap» dep esaplanıwı, nan japqan jeńgeylerdiń, qız-kelisheklerdiń tandırdıń tusınan ótip baratırǵanlarǵa nan awız tiydirmese uyat bolatuǵınlıǵı (Tandır japqan jeńgeylerden bar mirát, ilajıń joq awız tiymey ótiwge. I.Yusupov), nandı orınsız isirap qılmaw ushın úyine kelgen miymanlardıń aldına nandı sındırmay qoyıwı, kerek adamnın nandı óziniń sındırıp jewi, kelinlerdiń azanda erte turıp qayin atası menen qayin enesine chay qaynatıp beriwleri (Erte turıp azanda, atań menen eneńniń, chayın qaynat kelinshek. Bet ashardan), qaynata, qaynene, qayin, qaynaǵa, biykesh, abısınlarınıń húrmetin ornına qoyǵanlıǵınıń tımsalı sipatında ózine qolaylap at qoyıp alatuǵınlıǵın (Sarqıramanıń ber jaǵında, sıldıramanıń ar jaǵında, ulıma mańıramanı jey jaq. Kelinniń túsindiriwinen. (...Jılǵabay, Qasqırbay, Qozıbay degen qaynaǵalarınıń atları bolǵanı ushın olardın atların keltirmegendegi kúni), awqattan keyin, jolǵa atlanarda, sapardan kelip jasıúlkenge sálemge kelgende jasıullınıń pátiya beriwi, jasıullınıń aqlıq-shawlıqlarına at qoyıwı, onıń shawlıqtıń alaqanınan may jalawı, toy-merekelerde qız-kelinsheklerdiń taq turıp nan-bawırsaqlarǵa aylanısıwı, er adamlardıń úlkeninen-kishkenesine shekem xızmette boliwları, toy-merekelerdi basqarıwshı biylerdiń tapsırmalarınıń hámme ushın májbúriyligi, úyge qonıqqa kergen miymanlardıń qolına suw alıwlar, kelinlerdiń tabaq alıwları, pátiyaǵa qol jayıwları, qız uzatıw, kelin túsiriw toyları, qullası hámmeside oǵada bay tárbiyalıq áhmietke iye bolıp, qaraqalpaq etnopedagogikasınan orın alǵan.

Degen menen usınday oǵada ullı tárbiyalıq áhmiyetke iye bolǵan etnopedagogikalıq miyraslarımız ǵárezsizligimizden aldıńǵı jılları durıslap qádirlenbedi, shala orıslasıp baslaǵan jaslarımız «pátiya waqıttı aladı» dep túsindi, nannıń usaqların terip jewge umtılǵanlardıń ústinen kúldi, úyge kirgende shıqqanda dus kelgen ayaǵınan paydalandı, azanda ata-enesiniń chayın qaynatıwdıń ornına ata-eneleri kelinniń chayların qaynattı, nan awız tiygiziw dástúri joǵala basladı. «Tariyxıy miyrastı asırap-abaylaw, olardı úyreniw hám áwladlardan áwladlarǵa qaldırıw...» [1:29] kerekligin hesh kim túsingisi kelmedi. Tek ǵana ǵárezsizligimizdiń sharapatı menen bul másele «...mámleketimiz siyasatınıń eń áhmiyetli baǵdarlarınıń biri»ne [1:29] aylandı.

Al, mámleketimiz óz ǵárezsizligine eriskennen keyin ruwxıylıǵımızdıń qayta tikleniwine jol ashıldı. Sebebi, «Ruwxıy dúnya – insannıń, xalıqtıń, jámiyettiń, mámlekettiń kúsh qúdireti» [7:6] ekenligine isenim arttı.

Házirgi waqıtta joqarıda atap ótilgen etnopedagogikalıq qádriyatlardı úyreniw isleri ótmishtegi etnomádeniy bilimlendiriw haqqındaǵı aldıńǵı hám milliy pedagogikalıq oylardıń shıǵısın hám tárepleme tallaw imkániyatın beredi. Bul úyreniletuǵın etnopedagogikalıq qádriyatlarǵa baylanıslı materiallar bolajaq pedagogikalıq kásip iyelerine nelerdi beredi?

Birinshiden, etnopedagogikalıq qádriyatlar járdeminde bolajaq oqıtıwshılar ádep-ikramlılıq kónlikpelerdi rawajlandırıwdıń sotsial-pedagogikalıq záruriyatlıǵın, shaxstıń tálim tárbiyasında tutqan ornın hám pedagogikalıq-psixologiyalıq imkániyatların anıqlaw múmkinshiligine iye boladı.

Ekinshiden, bolajaq oqıtıwshılar aldımenen ózlerinde ádep-ikramlılıq kónlikpelerdi

rawajlandırıwdıń pedagogikalıq shart-sharayatların, basqıshların anıqlastırıp aladı hám olardan paydalanıw mazmunın ózbetinshe belgilew sharapatına miyasar boladı.

Úshinshiden**,** ózlerindegi ádep-ikramlılıq kónlikpelerdi rawajlandırıwda etnopedagogikalıq qádriyatlardan paydalanıwdıń mazmunın, formaların, quralların hám metodların ózbetinshe anıqlaydı.

Tórtinshiden, bolajaq oqıtıwshılar ózlerinde ádep-ikramlılıq kónlikpelerdi rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan tájriybe sınaw jumısların shólkemkestiriw metodikasın jaratadı.

Juwmaqlap aytqanda etnopedagogikalıq qádriyatlardı úyreniw hám onıń materiallarınan tárbiyalıq jumıslarda, ásirese, bolajaq oqitiwshilarda ádep-ikramliliq kónlikpelerdi jetilistiriw islerinde paydalanıw – bul ótken dáwirge qaytıw emes. Kerisinshe, xalqımızdıń abaylap, qásterlep, usı waqıtqa shekem ózinde saqlap, keyingi áwladlarǵa jetkerip bergen altınnan ziyat qádriyatlarınıń bahalılıǵın túsiniw hám onı tárbiyalıq islerimizde paydalanıp, jetilistirip barıw bolıp esaplanadı. Nátiyjede ádep-ikramlılıq kónlikpelerdi qáliplestiriwde onıń áhmiyeti kúnnen-kúnge artıp bara beredi.

## Ádebiyatlar


1. Shavkat Mirziyoyev. Islom hamkorlik tashkiloti Tashqi ishlar vazirlari kengashi 43-sessiyasining ochilish marosimidagi nutq. 2016- yil 18-oktyabr. / Milliy taraqqiyot yo‘limizni qatiyat bilan davom ettirib, yangi bosqichga ko‘taramiz. –Toshkent: «O‘zbekiston» NMIU 2017. 29-b.
2. Анисенкова Т.В. Этпопедагогическая подготовка учителя к работе в сельской школе [Текст]: автореф. дис. … канд. пед. Наук. – Смоленск: 2000.
3. Арзамасцева Н.Г. Формирование этнокультурной компетентности будущих социальных педагогов в вузе Автореф. дис. …канд. пед.наук. – М.: 2000.
4. Давыдова О.И. Этнопедагогическая подготовка студентов – будущих специалистов дошкольного образования. Автореф. дис. … канд. пед. наук. – Барнаул : Барнаульский гос. пед. ун-т, 2000.
5. Каримов И.А. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш. И.Каримов. – Т.: «Манаўият», 2008. 7-б.
6. Керимова Д. Р. Этнопедагогическое наследие как фактор экологического воспитания младщих школьников Дагестана. Автореф.дис. . канд.пед.наук. -М.: 1995.
7. Қарақалпақ этнопедагогикасы. Педагогикалық институт талабалары ушын оқыў қолланбасы. -Нөкис: «Bilim», 2010. 128 б.(8)
8. Нагорная Г.Ю. Развитие этнопедагогической культуры будущих учителей начальных классов в учебном процессе: Дисс…канд. пед. наук. – Ставрополь: 1998. –С. 209.
9. Мамадносирова М.М. Педагогические особенности использования элементов этнопедагогики в нравственном воспитании девочек –подростков в семье. Автореф.дисс. ...канд.пед.наук. –Душанбе: 2020.
10. Федорова С.Н. Формирование этнокультурной компетентности будущих педагогов [Текст] : дис. …д-ра пед. наук / С.Н. Федорова. – М.: 2006. -С. 520.
11. Хасанбаев Ж., Турақулов Х., Ҳайдаров М., Хасанбаева О. Педагогика фанидан изоҳли луғат. -Т.: “Фан ва технология”, 2008. 41-б.



**REZYUME.** Maqolada bo‘lajak o‘qituvchilarda odob-axloq ko‘nikmalarini takomillashtirish ishlarida etnopedagogik qadriyatlardan foydalanish bo‘yicha olib borilgan tadqiqot ishlari, muammolari, kuzatish natijalari qiyosiy tarzda bayon qilinadi va uning ahamiyati ko’rsatib o’tiladi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье сопоставительно излагаются исследовательская работа, проблемы, результаты наблюдения по использованию этнопедагогических ценностей в работе по совершенствованию нравственных навыков у будущих учителей и показывается ее значение.

**SUMMARY.** The article comparatively describes the research work, problems, and results of observation conducted on the use of ethnopedagogical values in the work of improving the moral skills of future teachers, and shows its significance.


## MAMLAKATIMIZDA INKLYUZIV TA’LIMNING HOZIRGI HOLATI VA RIVOJLANISH TENDENSIYALARI


**G.N.Pirniyazova** – *o‘qituvchi*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar**: integratsiya, inklyuziya, insonparvarlik, moslashtirish, maktab, maxsus ta’lim, inklyuziv ta’lim, inklyuziv sinf, korreksion sinf, maxsus pedagog.

**Ключевые слова:** интеграция, инклюзия, гуманизм, адаптация, школа, специальное образование, инклюзивное образование, инклюзивный класс, коррекционный класс, специальный педагог.

**Key words**: integration, inclusion, humanism, adaptation, school, special education, inclusive education, inclusive class, correctional class, special pedagogue.


**Kirish.** Inklyuziv so‘zi inglizcha so‘z bo‘lib, inclusif – qo‘shish, birlashtirish ma’nolarini anglatadi. Mazkur atama alohida ehtiyojga ega bo‘lgan o‘quvchilarni umumta’lim maktablarida sog‘lom bolalar bilan qo‘shib birgalikda o‘qitish jarayonini ifodalaydi